

## **BAB V**

### **KACINDEKAN JEUNG REKOMENDASI**

#### **5.1 Kacindekan**

Hasil panalungtikan anu dilaksanakeun ka siswa kelas IX B SMP Negeri 14 Bandung taun ajaran 2012/2013 mangrupa data hasil Panalungtikan Tindakan Kelas anu dilaksanakeun dina dua siklus, nya éta siklus I jeung siklus II. Dumasar kana hasil panalungtikan jeung pembahasan anu geus dilaksanakeun, bisa dicindekkeun yén media *audio visual* bisa ngaronjatkeun kamampuh ngaregepkeun rumpaka tembang. Sangkan leuwih jéntré, di handap ieu baris diécéskeun deui ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan.

- 1) Prak – prakan kagiatan pangajaran dilaksanakeun dina dua siklus. Dina siklus I prak-prakan pangajaran tacan pati bisa dilaksanakeun saluyu jeung rarancang kagiatan pangajaran anu geus ditangtukeun. Kaaktipan, saregepna siswa nalika ngaregepkeun rumpaka tembang, jeung prosés pangajaran sacara umum geus bisa diungkul-an, tapi nalika dina ngamotivasi, waktu, panitén siswa, sarta pamahaman siswa kana eusi rumpaka tembang sacara lengkep masih kénéh katitén tacan maksimal. Kurangna konséntrasi siswa nalika prosés ngaregepkeun rumpaka tembang tur waktu nu kurang efisien ngabalukarkeun kurang efektifna kagiatan pangajaran. Dina siklus II prak-prakan kagiatan pangajaran geus bisa dilaksanakeun saluyu jeung rarancang pangajaran sarta kagiatan pangajaran karasa leuwih efektif dibandingkeun dina siklus I. Motivasi, waktu, panitén, sarta pamahaman siswa anu kurang nalika pangajaran ngaregepkeun rumpaka tembang geus bisa diungkul-an , tepi ka katitén siswa geus bisa maham kana eusi rumpaka tembang anu geus diajarkeun.
- 2) Hasil diajar ngaregepkeun rumpaka tembang pupuh Sekar Ageung dina pra panalungtikan nya éta 17 urang atawa 44,74% asup kana kategori tuntas, sedengkeun 21 urang atawa 55,26% asup kana kategori tacan tuntas. Rata –

rata peunteun anu dihontal dina pra panalungtikan nya éta 70,26. Dina siklus I aya 34 urang atawa 89,47% asup kana kategori tuntas, sedengkeun 4 urang atawa 10,53 % asup kana kategori tacan tuntas. Rata – rata peunteun anu dihontal dina siklus I nya éta 83,95. Hasil diajar siswa dina siklus II nya éta 100% atawa kabéh siswa tina 38 urang asup kana kategori tuntas. Rata – rata peunteun anu dihontal ku siswa dina siklus II nya éta 91,05.

- 3) Tina hasil diajar siswa nalika prosés pangajaran pra panalungtikan, siklus I, jeung siklus II katitén yén hasil diajar siswa geus ngaronjat. Nalika pangajaran pra panalungtikan, hasil rata – rata siswa nya éta 70,26 sedengkeun dina siklus I nya éta 83,95 jeung siklus II nya éta 91,05. Dina pra panalungtikan hasil diajar siswa masih tacan maksimal, hal ieu dipangaruhan ku sababaraha faktor misalna waé siswa kurang bisa museurkeun panitén nalika diajar ngaregepkeun rumpaka tembang lantaran teu ngagunakeun media pangajaran. Tina siklus I hasil diajar siswa geus mimiti ngaronjat dibandingkeun dina pra panalungtikan sanajan hasil diajar siswa tacan bisa tuntas 100%. Nalika siklus II geus bisa katitén yén hasil diajar siswa ngaronjat 100%.

## 5.2 Rekomendasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran ngaregepkeun rumpaka tembang pupuh Sekar Ageung (Kinanti, Sinom, Asmarandana, jeung Dangdanggula) kalawan ngagunakeun media *audio visual*, aya sababaraha rekomendasi saperti ieu dihandap.

- 1) Tina hasil panalungtikan, media *audio visual* bisa digunakeun salaku salahsiji alternatif media pangajaran dina ngaregepkeun rumpaka tembang atawa dina pangajaran séjén.
- 2) Nalika prosés pangajaran, leuwih hadé lamun waktu anu rék digunakeun téh dirarancang jeung ditangtukeun heula sangkan prosés diajar bisa dipaké kalawan optimal.
- 3) Dina ngagunakeun media *audio visual* nalika prosés pangajaran, guru kudu bisa jeung maham kana tata cara jeung sanggup ngagunakeun media *audio*

*visual* salaku dadasar tumuwuhna rasa saregep, konsentrasi dina ngaregepkeun rumpaka tembang, sangkan media *audio visual* bisa diterapkeun dina prosés pangajaran.

- 4) Perhatian anu dibikeun ku guru ka siswa nalika kagiatan pangajaran ngaregepkeun rumpaka tembang ngagunakeun media *audio visual*, kudu leuwih dironjatkeun deui sangkan siswa bisa ngaregepkeun rumpaka tembang kalawan saregep. Nalika prosés pangajaran kudu leuwih fokus kana hal – hal anu rék ditepikeun sangkan prosés pangajaran bisa saluyu jeung tujuan anu hayang dihontal.
- 5) Sanggeus diayakeun panalungtikan ka kelas IX B SMP Negeri 14 Bandung Taun Ajaran 2012/2013 dipiharep kahareupna aya panalungtikan séjén anu leuwih daria deui ngeunaan media *audio visual* dina materi pangajaran ngaregepkeun rumpaka tembang atawa dina pangajaran lianna.